



Pou Piblikasyon Imedya: 07/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON NAN
DEVLOPMAN LOJMAN NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 14.7 MILYON DOLA
NAN KONTE NIAGARA**

True Bethel Commons pral genyen 39 apatman nan pri abòdab

***Devlopman an pral transfòme ansyen sit Sacred Heart School la pou tounen
lojman mendèv***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konstriksyon an te kòmanse nan True Bethel Commons, yon devlopman lojman nan pri abòdab 14.7 milyon dola, 39 apatman nan Niagara Falls ki gen uit apatman ki byen adapte pou moun ki gen andikap fizik yo. Nouvo lojman an, ki jwenn sipò pasyèl Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York ak Depatman Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Department of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta a, ap pran fòm atravè reyitilizasyon adapte ansyen bilding istorik, presbitè ak kouvan Sacred Heart School nan South Avenue ki vid la.

"Investisman kreyatif, reflechi nan pase New York ranfòse avni New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "True Bethel School, kote plizyè milye timoun te aprann li ak ekri ak reflechi, gen yon nouvo lojman ki gen obejktif pou nan pri abòdab pou Nouyòkè yo k ap travay di pou pwogrese ak pou bay fanmi yo yon bon lavi. Tout Nouyòkè yo merite jwenn chans sa a epi se poutèt sa nou pwomèt pou nou kontinye pote plis opòtinite lojman nan pri abòdab pou kominote yo atravè gwo Eta sa a".

Apatman yo ap nan pri abòdab pou fwaye k ap touche 50 pousan oswa mwens pase Revni Mwayen Zòn lan. Uit apatman pral byen aksesib ak adapte pou moun ki gen kèk bezwen fizik. Pwojè a pral gen 25 kupon chwa lojman seksyon 8 ki baze sou pwojè a nan vil Niagara Falls.

True Bethel Commons toupre sant swen sante, sèvis minisipal, lekòl, etablisman komèsyal, makèt, famasi, bibliyotèk ak pak piblik yo. Anplasan iben li bay aksè dirèk nan plizyè itinerè transpò piblik ki bay rezidan yo aksè dirèk nan koridò komèsyal vil Niagara Falls ak yon seri lòt sèvis andeyò katye ki toupre yo.

Yo mete konplèks la nan Rejis Plas Istorik Nasyonal ak Eta yo. Konsepsyon an dwe prezève karaktè bilding yo, sa gen ladan koridò laj ak fenèt travès lekòl la, ansanm ak gwo travay chapant ak vitray nan presbitè ak kouvan, epi repare yon gwo pati nan sant espòtif la.

Pwojè a te konsevwa pou satisfè egzijans Enterprise Green Communities epi ekipman bilding lan gen ladan yon sal kominotè ki gen yon pati kwizin, lakou, depo pou bisikilèt ak lòt pi gwo objè, sal òdinatè ak sal lesiv nan chak bilding. Lokatè yo pral responsab pou kouran, chofaj ak gaz. Tout apatman yo pral gen ladan fou, frijidè ak limyè ki ekonomik pou enèji.

Belmont Housing Resources for WNY, Inc. ap devlope pwojè sa a nan patenarya avèk True Community Development Corporation.

Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York te bay 7.9 milyon dola nan kapital pwòp atravè Pwogram Kredi Enpo Lojman Revni Fèb (Low-Income Housing Tax Credit Program) ak 2.3 milyon dola nan sibvansyon Fon Fidisyè Lojman. Anplis de sa, gen 2.3 milyon dola nan Fon Pwòp pou Kredi Enpo Istorik Federal ak 1.5 milyon dola kòm fon pwòp pou Kredi Enpo Istorik Eta a ki te repati soti nan Depatman Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik. Bank Federal Prè pou Lojman nan New York (Federal Home Loan Bank of New York) te bay 390,000 dola epi vil Niagara Falls te kontribiye 50,000 dola pou depans devlopman an.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR la, te deklare, "Prezève ak ranfòse karaktè istorik kominote tankou Niagara Falls atravè reyitilizasyon adapte se yon bagay ki santral pou misyon HCR. Envestisman sa a nan True Bethel Commons se prè angajman kontinyèl nou pou fè patenarya avèk òganizasyon relijye yo pou respire nouvo lavi nan pwopriyete ki pa te byen itilize yo epi pou bay lojman ak sèvis anplis pou rezidan ak kominote Lwès New York yo. Nouvo konplèks 14.7 milyon dola sa a pral bay 39 kay ki bèl, nan pri abòdab pou moun ak fanmi k ap grandi yo. Felisitasyon pou Belmont Housing ak Vil Niagara Falls pou efò jenere ak koperativ yo pou planifye, finanse epi, nan pi move moman pandemi an, ki mete devlopman sa a sou wout pou fini."

True Bethel Commons fè pati pwogram eta a pou bay Nouyòkè yo aksè a lojman sekirite, ki nan pri abòdab atravè Plan Lojman 20 milya dola sou senkan li an. Plan an fè lojman vin aksesib epi li goumen kont sitiyoasyon sanzabri, lè li konstwi epi prezève plis pase 100,000 inite lojman bon mache epi 6,000 inite lojman ki bay sipò.

Pandan deseni ki sot pase a, HCR te dedye plis pase 500 milyon dola resous pou finanse 82 pwojè rezidansyèl pou plizyè fanmi ak prèske 5,600 apatman nan pri abòdab nan Rejyon Lwès New York la. Envestisman ajans lan te mobilize prèske 754 milyon dola nan lòt finansman pou kreye oswa prezève devlopman sa yo.

Komisè Pak yo Erik Kulleseid te deklare, "Dokimante resous istorik sa yo tankou ansyen konplèks Sacred Heart Church la se yon pati kle nan misyon nou isit la nan Pak Eta yo. Divizyon Prezèvasyon Istorik nou an te ede nan fè sit sa a endike nan

Rejis Eta ak Nasyonal Plas Istorik yo an 2019, sa ki ouvri pòt pou disponibilite kredi enpo pou reyabilitasyon eta ak federal ki ede rann pwojè sa posib. Pandan deseni pase a, Eta a te apwouve itilizasyon kredi enpo komèsyal pou plis pase 1,000 pwopriyete istorik, sa ki ankouraje plis pase 12 milya dola nan investisman prive. Konplèks fòmidad sa a nan Niagara Falls egziste depi 1850 yo epi te agrandi pandan plizyè ane ki pase, kounye a li gen yon nouvo lavi k ap kontinye sèvi kominote li a".

Nan rejyon Lwès New York, depi 2011, kredi enpo istorik yo te sipòte plis pase 134 pwojè komèsyal, sa ki bay yon total plis pase 1.1 milya dola nan investisman ki te prevwa a. Yon etid ke Sèvis Pak Nasyonal (National Park Service) la te reyalize bay detay sou enpak kredi enpo a genyen sou djòb ak revni fiskal nan Eta New York. Pou peryòd senk ane soti 2015 - 2019, aktivite pwogram kredi enpo istorik la nan Eta New York te jenere 67,578 djòb onivo nasyonal ak plis pase 195 milyon dola nan enpo lokal, enpo Eta a ak enpo federal.

Senatè Robert Ortt te deklare, "True Bethel Commons pral bay yon espas sekriite ak akeyan pou fanmi Niagara Falls yo pou yo ka viv ak grandi nan kominote nou an. Fasilite lokal li a non sèlman pral bay aksè fasil ak resous piblik enpòtan yo men tou pral bay èd kominote enpòtan pou rezidan yo. Mwen aplodi Eta New York ak tout patnè Lwès New York yo ki te enplike nan konstriksyon pwojè lojman nan pri abòdab vital sa a".

Becky Wydysh, ki se Prezidan Kò Lejislatif Konte Niagara te deklare, "Se yon pwojè eksitan, non sèlman akòz li pral kreye lojman bon kalite ki nan pri abòdab ki nesese anpil, men tou akòz kalite reyitilizasyon adapte a ki se yon priyorite enpòtan pou nou tout. Rekonstwi katye nou yo kòmanse nan pran sit tankou ansyen Sacred Heart School epi ba yo yon dezyèm lavi. Fè pwojè tankou sa soti nan pwen depa rive nan inogirasyon pa janm fasil, kidonk mwen felisite tout sila yo ki te enplike nan True Bethel Commons pou tout efò yo pou atenn gwo etap sa jodi a".

Vis Prezidan Belmont Housing lan, Brad Packard, te deklare, "Pwojè True Bethel Commons lan pral konplete ak devlope efò Vil ak Eta a an koneksyon avè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la sou Koridò Distri Pon (Bridge District) nan Niagara Falls. Belmont Housing kontan anpil pou kontribiye nan pi gwo inisyativ sa a avèk investisman sa a an patenarya avèk True Community Development Corporation, Vil Niagara Falls ak Eta New York. True Bethel Commons pral bay 39 nouvo kay pou fanmi ki merite li yo nan kominote a anplis de reparasyon ak prezèvasyon yon gwo resous istorik pou katye sa a".

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)